

DOKUMEN PENTING
RAHASIA



Nama :
No. :

MADRASAH IBTIDAIYAH ROUDLOTUS SALAMAH
ASESMEN SUMATIF AKHIR SEMESTER GASAL
TAHUN PELAJARAN 2023/2024

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa	Hari/Tanggal :
Kelas : V (LIMA)	Waktu :

I. Pilihlah salah siji wangsulan kang paling bener!

1. Wacan dheskripsi iku teks kang.....samubarang kanthi tembung- tembung sawijining barang, papan panggonan, swasana, lan kadadean, nduweni ancas supaya kaya-kaya pamaca weruh bab kang dideleng.
 - a. Nyritakake
 - b. Nggambarake
 - c. carane nganggo utawa gawe
 - d. njlentrehake kanthi bukti kuwat
2. Titikane wacan dheskripsi ing antarane, yaiku.....
 - a. nggambarake kedadean kanthi cetha
 - b. kedadeane nganggo urutan wektu
 - c. isine cara gawe utawa carane nganggo barang
 - d. pamaca ora bisa nggambarake
3. Banyu kali saka lereng gunung tiba ing papan kang luwih cendhek awujud grojogan, gembrojek unine. Ukara ing dhuwur migunakake pancadriya
 - a. Mripat
 - b. Irung
 - c. Kuping
 - d. Kulit
4. Bedane wacan dheskripsi karo wacan narasi, yaiku.....
 - a. Dheskripsi menehi weruh tahapane gawe utawa nganggo samubarang, menawa narasi nggambarake samubarang.
 - b. Dheskripsi gambarake, menawa narasi nyritakake nganggo urutan wektu.
 - c. Dheskripsi njlentrehake saweneh bab kanthi bukti-bukti kang kuwat, menawa narasi menehi weruh tahapane gawe utawa nganggo samubarang.

- d. Dheskripsi nyritakake nganggo urutan wektu, menawa narasi menehi weruh tahapane gawe utawa nganggo samubarang.
5. Saben esuk saka pucuke Gunung Bromo metu kumebul sundhul angkasa.
Tembung kang trep kanggo ngiseni cecek-cecek ing dhuwur, yaiku
- Wedhi
 - Suket
 - Beluk
 - Adhem

Gatekna gambar ing ngisor iki



6. Ukara kang trep kanggo dheskripsike gambar ing dhuwur, yaiku....
- Ora ana kayu, wit-witan, apa dene watu kang ngalang-alangi panyawang.
 - Jawatan Benculuk Banyuwangi ing wayah sore katon endah amarga srengenge nembus sela-selane wit-witan nambahi kahanan saya nemsemake.
 - Tanduran jagung, pari, lan palawija bisa kanggo sumber pangan masyarakat.
 - Nalika banyune nyiprat nganti lambeku ngrasakne asin.
7. Kanggo ngarani perangane awak sing tujuwane kanggo ngalembana diarani
- parikan
 - panyandra
 - pepindhan
 - panyendu
8. Lumrahe basa rinengga kuwi kanggo nulis.....
- aksara Jawa
 - sesorah (pidhato)
 - kasusastran
 - rumus matematika
9. Panyendhu iku basa rinengga kanggo ngarani perangane awak kanthi tujuan.....
- Nyemoni
 - Ngalembana
 - Ngumpamakne
 - Nyindir

10. Kang dadi cirine pepindhan, yaiku.....

- a. kanggo nyemoni
- b. kanggo ngalembana.
- c. nganggo tembung kaya, lir, pindha, lan kadya
- d. ana sampiran lan isine

Wacan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 11-19!

Sesawangan ing sakiwa tengene Gunung Bromo endah banget. Gunung api aktif iki lokasine ana ing laladan Kabupaten Probolinggo, Kabupaten Pasuruan, Kabupaten Lumajang, lan Kabupaten Malang. Ing kawasan sakiwa tengene gunung beluk kabut kumebul sumundhul ngawiyat. Manuk-manuk pating sumliwer ing kupenge gunung. Thethukulan kang sarwa ijo ngrenggani saambane pereng. Saka kadohan katon kali kang iline banter. Swarane banyu gumrojo. Saking bantere cumiprat ngempyok gegodhongan. Hawane adhem. Wong-wong ing sakiwa tengene gunung padha iwut karo pakaryane dhewe-dhewe. Ana para tani sing nenandur bangsane woh-wohan. Saperangan ana kang nenandur janganan lan kacang-kacangan.

Gunung Bromo endah banget yen wayah esuk. Ing sisih wetan sumamburat abang. Mbaka sethitik srengenge mencorong padhang. Sadawane sesawangan savana, suket ijo kaya dene gelaran. Embun-embun kang nelesi gegodhongan saya suwe ilang nguwap amarga srengenge tansaya panas. Wong-wong wis miwiti pakaryane. Ana sing ngiderake

jarane kanggo tetunggangan para wisatawan. Ana wong kang ngiderake panganan. Ana kang mider nunggang motor tril ngiteri kawasan gunung. Uga ana andha tumuju pucuke gunung. Ing pucuke gunung, ana beluk kumebul saka njerone gunung. Sapa dolan menyang Bromo, kaya aras-arasen ninggalake sesawangan kang nyata endah dinulu mata.

11. Wacan kasebut klebu jinis teks

- a. Narasi
- b. Dheskripsi
- c. Persuasi
- d. Eksposisi

12. Ing kawasan Gunung Bromo hawane

- a. adhem c. silir
- b. panas d. sumuk

13. Gunung Bromo iku mapan ing laladan, *kajaba*

- a. Kabupaten Probolinggo
- b. Kabupaten Pasuruan
- c. Kabupaten Blitar
- d. Kabupaten Lumajang

14. Ing sadawane dalan perenge Gunung Bromo katon..... kaya gelaran.
- kewan-kewan
 - tethukulan
 - para manuk
 - beluk kabut
15. Ing ngisor iki pranyatan kang bener miturut wacan kasebut, yaiku.....
- Sesawangan ing Gunung Bromo katon reged.
 - Gunung Bromo iku mapan ing tlatah Jawa Tengah.
 - Laladan Gunung Bromo hawane sumuk.
 - Ing kawasan sakiwa tengene
16. gunung Bromo, beluk kabut kembang nganti nyundhul langit. 16. Ing ngisor iki kendharaan kang dianggo ngiteri kawasan Gunung Bromo, yaiku....
- jaran lan sedan
 - jaran lan motor tril
 - andhong lan sedan
 - andhong lan motor tril
17. Wong-wong ing sakiwa tengene gunung padha iwut karo pakaryane dhewe-dhewe. Tembung pakaryane padha tegese karo....
- pagaweyane
 - pakulinane
 - kasenengane
 - karemenane
18. Wayah esuk ing kawasan Gunung Bromo endah banget. Ing sisih wetan sumamburat abang.
- Ukara kasebut migunakake panggah- baran lumantar pancadriya
- mripat
 - irung
 - kuping
 - kulit
19. Ing ngisor iki pranyatan kang ora bener miturut wacan kasebut, yaiku.....
- Sesawangan ing Gunung Bromo katon endah.
 - Ora ana manuk kang pating sliwer ing sakupenge Gunung Bromo.
 - C.Salah sawijine tetunggangan kanggo ngiteri gunung, yaiku jaran.
 - Pakaryane warga ing kawasan Gunung Bromo yaiku tani.
20. Parikan iku kadadéyan saka bagean.....
- panyandra
 - panyendhu
 - pepindhan
 - sampiran lan isi
21. Ireng-ireng gorengan.....

- a. sega b. kopi c.anggur d. kembang

22. Bayem erine, ketan pulukane

Aku rumangsa ayem atine, ketekan
Panyuwune

Basa rinengga ing dhuwur klebu

- a. parikan c. pepindhan
b. panyandra d. panyendu

23. Godhong klaras godhong
Bocah memelas luru rejeki.

Tembung kang trep kanggo ngisi sampiran parikan ing dhuwur, yaiku.....

- a. Krambil
b. Nangka
c. Kemangi
d. Gedhang

24. Ing Pasar Blauran kae para bakul lan sing toko wangsulane saur

- a. gajah
b. semut
c. kucing
d. manuk

25. Kowe kuwi sedina ora adus nganti gandamu arum jamban. Arum jamban tegese

- a. wangi banget c. ambune kecut
b. nengsemake ati d. marai luwe

26. Panyandra iku basa rinengga kanggo ngarani perangane awak kanthi tujuan....

- a. nyemoni
b. ngupamakne
c. ngalembana
d. nyindir

27. Parmin sikile..... nanging yen balapan mlayu isih bisa ngalahke kancane.

- a. manyul
b. dhingklang
c. pesek
d. nyoro

28. Mripate bocah ayu kae cinandra

- a. blarak sempal
b. mucuk eri
c. jambe sinigar
d. ndamar kanginan

29.

Dadi murid kudu sregep sinau.

Larik kang trep kanggo ngisi sampiran a parikan ing dhuwur, yaiku

- a. Ana bocah mlaku ing embong
- b. Tuku petelot dilincipi
- c. Manuk emprit nucuki sega krawu
- d. Mlaku-mlaku ing Tanjung Perak

30. Tangane cinandra.....

- a. nawon kemit
- b. lantip
- c. ngandhan-andhan
- d. nggendewa pinenthang

31. Wijaya Putra iku irunge

- a. ngandan-andan
- b. pesek
- c. gagah pideksa
- d. lantip

32. Cipir mrambat kawat....

Jangkepane isi parikan ing dhuwur, yaiku....

- a. ora mampir angger liwat
- b. ora ngapa sing penting banter
- c. aku seneng mangan cipir
- d. manggis karengat

33. Ing ngisor iki sing klebu pepindhan, yaiku....

- a. Kembang pakis uripe ing cedhak wit luntas, wis lumrahe sing wasis pinilih ketua kelas.
- b. Wijaya Putra besuk bisa mimpin kelas.
- c. Mripate blalak-blalak, alise nanggal sepisan.
- d. Anggone tandang gawe cukat trengginas kaya sikatan nyamber walang.

34. Yati kae bathuke... nanging tetep katon manis.

- a. pesek
- b. nyoro
- c. manyul
- d. dhingklang

35. Dina Wayang Nasional dipengeti saben tanggal.....

- a. 7 November
- b. 17 Agustus

- c. 7 Agustus
 - d. 10 November
36. Bebadan ing PBB kang ngakoni wayang minangka kabudayan luhur warisan donya saka Indonesia, yaiku.....
- a. WHO b. UNICEF C. UNESCO d. UNHCR
37. Wong sing mimpin pagelaran wayang kulit diarani
- a. penyimping
 - b. niyaga
 - c. dhalang
 - d. masinis


Wacan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 38 – 40!

Omahku cilik, cekli tur resik. Swasana ing omahku ayem tentrem. Ing omah karo bapak, ibu, lan mbak- yuku. Amarga batihe cacah papat, mula diarani catur warga. Omahku pancen prasaja, nanging kanggoku wis apik tur nyenengake. Ing peka- rangan ngarep omah ana tanduran jambu, jeruk, sirsat, lan rambutan. Mulane omahku katon ayom. Ing ngisor wit jambu ana dhompal nggo lungguhan. Ing tritis teras ditanduri kembang melathi, matahari, lan mawar. Yen wayah ngembang latarku kaya taman. Wayah sore aku lan mbakyuku ajeg siram-siram kembang. Gandane amrik mangambar.

38. Omahku pancen prasaja, nanging kanggoku wis apik tur nyenengake. Tembung prasaja tegese
- a. mewah
 - b. cilik
 - c. sederhana
 - d. akeh
39. Kahanan omahe panulis ing dhuwur, yaiku....
- a. mewah
 - b. cilik
 - c. jembar
 - d. megah
40. Ing ngisor iki kembang kang ana ing plataran omahe panulis, kajaba.....
- a. melathis b. matahari c. krokot d. mawar

II. Wangsulono pitakon – pitakon ing ngisor iki kanthi bener!

1. Tembung gandane amrik mangambar iku ditangkep pancadriya
2. Carane nabuh gamelan kaya gambar ing ngisor iki, yaiku.....



3. Wong-wong kang nabuh gamelan ubnsing pagelaran wayang diarani
4. Piranti pagelaran wayang kulit kang paedahe kanggo nancepake wayang diarani
5. Carane nggunakake piranti pagelaran wn wayang kaya gambar ing ngisor iki,
Yaiku.....



6. Piranti pewayangan kanggo nerangi kelir ing pagelaran wayang kulit diarani
7. Wujude wilahan tipis saka wesi kang ditata lan dicantelke ana kothak wayang gunane kanggo ada-ada dhalang diarani
8. Pandhawa kuwi cacahé ana.....
9. Wayang kulit iku karya seni kang digawe nganggo teknik
10. Wong sing nyanyi ing pagelaran wayang jenenge